



*Resources for Parents for Google Classroom – Creole version*



# Gid pou Paran & Responsab Kapab itilize *Google Classroom*

# Kisa *Google Classroom* ye?


*Google Classroom* se yon sèvis sou entènèt ki gratis pou lekòl, òganizasyon san pwofi, ak nenpòt moun ki genyen yon kont *Google*. *Classroom* rann li pi fasil pou elèv ak pwofesè konekte —andedan ak deyò lekòl.

*Classroom* se yon pwodui nan [\*G Suite for Education\*](#), ki enkli *Google Drive, Docs, Sheets, Slides*, epi plis. *Classroom* travay avèk *G Suite for Education* pou pwofesè ak elèv kapab kominike fasilman, kreye klas, distribye travay, epi rete òganize. Aprann plis sou [\*Classroom\*](#).



# Ki avantaj elèv ak pwofesè k ap itilize *Google Classroom* genyen?

- Konfigirasyon fasil
- Ekonomize tan ak papye
- Meyè Òganizasyon
- Amelyore kominikasyon ak kòmantè
- Travay ak *apps* Google ou sèvi chak jou
- Disponib sou nenpòt aparèy oswa platfòm
- Gratis ak an sekirite – *Google Classroom* pa gen reklam, pa janm itilize kontni ou pou fè reklam.



# Pwoteksyon & Sekirite



Èske gen reklam nan *Google Classroom* nan?

Non. Tankou tout sèvis *G Suite for Education*, pa gen okenn reklam nan *Google Classroom*. Yo pa janm itilize kontni ou oswa enfòmasyon yo pou fè piblisite. Aprann plis sou vi prive ak sekirite. ([privacy and security](#).)


Èske enfòmasyon elèv, pwofesè, oswa lekòl la se pou Google?

Non. Google pa asime posesyon okenn enfòmasyon moun k ap itilize sèvis debaz G Suite, enkli G Suite for Education. Si yon depatman edikasyon, lekòl oswa inivèsite deside sispann itilize Google, nou rann li fasil pou yo pran done yo avèk yo.

Èske Google itilize okenn nan done pwofesè, elèv, oswa lekòl yo andeyò *Google Classroom*?



Yo pa janm itilize kontni oswa enfòmasyon w yo pou fè reklam.

# Poukisa *Google Classroom*?



# Kijan pou Elèv yo al nan *Google Classroom*?

- App Selector
- [classroom.google.com](https://classroom.google.com)
- District Student Portal



# "Google Classroom" 101



The screenshot displays the Google Classroom interface. At the top, there is a black header bar. Below it, the Google Classroom logo is visible. The main content area features three course cards:

- History of Psychology 300**: 28 students. Due Tuesday, Homework 5.
- Introduction to AI 300**: 23 students. Due tomorrow, Introduction Assignment.
- Statistics 205**: 20 students. Due Monday, Homework 3.

Each card includes a small icon representing the course and a menu icon (three dots) in the top right corner. At the bottom of each card, there are icons for a line graph and a folder. Below the course cards is a blue banner with the text "Classroom 101" and "Google for Education" next to a green icon of a person inside a square frame.

# Kisa Elèv Kapab Fè nan “*Google Classroom*”?

Elèv kapab

- Kontinye travay sou devwa klas ak materyèl
- Pataje resous ak kominike nan paj prensipal klas la
- Voye Devwa ale
- Jwenn repons ak nòt yo fè
- Gen aksè nenpòt lè, nenpòt kote sou entènèt la oswa atravè *Android* oswa app mobil *iOS Classroom*





# Kisa paran responsab yo kapab fè sou *Google Classroom*?

Kòm yon responsab, ou kapab resevwa detay sou imèl ki montre pwogrè pitit ou a ap fè nan klas la.

Ou kapab chwazi frekans imèl yo, chak jou oswa chak semèn.

Ou kapab dezabòne oswa retire tèt ou nan *Google Classroom* nan nenpòt lè.



Detay sou imèl y ap voye bay paran responsab yo enkli:

**Devwa ki Manke**—Travay ki anreta nan lè yo te voye imèl la

**Devwa k ap Vini**—Travay ki dwe remèt jodi a ak demen (pou imèl chak jou) oswa travay ki dwe remèt nan semèn k ap vini an (pou imèl chak semèn)

**Aktivite nan klas**—Anons, devwa, ak kesyon pwofesè a te fèk poste

Note: Paran responsab yo p ap kapab gen aksè nan *Google Classroom* oswa devwa elèv la akòz lwa sou zafè prive. Paran responsab yo kapab sèlman resevwa imèl ki gen detay yo. [Kòman pou Konfigire Imèl Detay Paran Responsab la](#)

Pou plis enfòmasyon, vizite Sant  
Google pou Edikasyon Pwofesè



<https://teachercenter.withgoogle.com/first-day-trainings/welcome-to-classroom>